

OKTÒB 2024

Konnen Dwa W + Ti Konsèy Sekirite

Diskou rayisman piman bouk ekstremis ki pa vle wè imigran yo lakoz asèlman ak menas kont kominote ayisyèn nan ap ogmante. Men kèk etap ou ka pran pou pwoteje tèt ou ak fanmi ou. Sa yo se prensip jeneral ou dwe swiv epi nou PA ta dwe PA kòm konsèy legal; pou asistans legal endividyle, ou ta dwe konsilte yon avoka.

Si lavi ou an danje, rele 911. Kèlkeswa estati imigrasyon ou, ou gen dwa rele 911 nan yon sitiayson ijans. Lapolis ka reponn ou rapidman epi fè ou jwenn aksè swen medikal an ijans, si sa nesesè.

Si yon moun te menase oswa **anmède/asele ou**, ak/oswa **te koze domaj fizik sou ou oswa sou pwopriyete ou**, ou ta dwe:

Chèche Sekirite.

- ▶ Ale nan yon espas ki an sekirite epi chèche asistans medikal si w bezwen li.
- ▶ Rete kalm epi pran mezi pou pwoteje tèt ou, san ou pa kite sitiayson an vin pi grav, si sa posib.
- ▶ Eseye ale nan yon espas publik si ou pat gentan nan youn. Si li fè nwa, ale nan yon zòn ki gen limyè si ou kapab.
- ▶ Chèche èd nan men moun ki bò kote ou, mande yon moun pou l rete kòm temwen.

Dokiman.

- ▶ Dokimante sa ki te pase a jan ou kapab san ou pa mete tet ou an danje. Pran foto, anrejistre odyo, video, oswa ekri non moun nan, plak machin li, oswa nenpòt lòt enfòmasyon idantifikasyon ou ka jwenn san danje.
- ▶ Si ou pa kapab anrejistre, ekri sa yo te di ou, touswit ou kapab fè sa. Asire'w ou ekri dat, lè, ki kote, ak nenpòt lòt detay ou sonje. Toutotan ou ka fè sa pi bonè apre ensidan an, epi ou mete tout detay ou ka mete, li pi bon.

- ▶ Si asèlman an se sou Entènèt li fèt, pran yon foto oswa yon foto pòs la epi anrejistre li.

Rapòte ensidan an.

- ▶ Fè yon rapò lapolis. Lapolis pa toujou ede, men dokimante sa ki te pase a ka itil ou pi devan.
 - Mande non ak nimewo badj moun k ap pran rapò a, ak yon kopi rapò a, oswa nimewo rapò oubyen plent lan ou ka sèvi kòm referans pi devan.
- ▶ Pataje rapò ou a ak yon òrganizasyon defans lokal ou ka fè konfyans si genyen youn.

Pale ak yon avoka imigrasyon.

- ▶ Si oumenm oswa yon manm fanmi ou ta viktim yon krim, mande yon avoka imigrasyon sou nenpòt rekou legal ki ka disponib pou ou.

Si yon senp sitwayen — yon moun ki **PA** yon ajan fòs lòd yo—mande w papye imigrasyon, ou:

- ▶ **PA** bezwen ba yo enfòmasyon sa yo. Yon senp sitwayen pa gen otorite pou mande w enfòmasyon sa yo.
- ▶ Si moun nan di li se yon ajan fòs lòd yo, mande pou wè badj yo, epi pa reponn okenn kesyon.
- ▶ Dokimante sitiayson an, swiv prensip ou dwe swiv ki nan lis pi wo a.

Si w kontre ak yon moun ki **SE** yon ajan fòs lòd oswa ajan ICE:

- ▶ **Rete kalm epi pa kouri.** Si ou an sekirite pou'w fè sa, pran foto oswa vidéyo rankont la.
 - ▶ Si ou gen dokiman imigrasyon valab, tankou yon pèmi travay valab oswa kat rezidans, ou ta dwe toujou mache avèk li sou ou. Men, ou ta dwe evite mache ak dokiman ki soti nan peyi lakay ou, tankou yon paspò yon peyi etrane.
 - ▶ **Ou gen dwa rete an silans.** PA reponn okenn kesyon oswa siyen okenn dokiman san w pa pale ak yon avoka anvan. Ou pa ta dwe reponn okenn kesyon sou kote w prale oswa kote w ap vwayaje. Sepandan, kèk eta gen lwa ki egzije w pataje non w oswa dokiman idantite w ak ajan fòs lòd yo.
 - Lwa sou egzijans pou idantifye tèt ou varye, li depann de eta ak lokalite yo. Si w gen nenpòt kesyon sou lwa nan eta paw la, tanpri kontakte yon avoka.
 - ▶ Si yo kanpe'w pandan w ap kondwi yon machin, yo ka mande w pou w montre lisans ou ak papye machin nan.
 - ▶ Ou gen dwa pou mande si yo ap kenbe'w oswa arete'w. Si repons lan se non, yo p ap kenbe'w oswa arete w, mande si ou lib pou'w ale.
- Si wap sibi asèlman nan men **pwopriyetè kay** ou a, **anplwayè** w oswa **yon moun k ap travay nan yon biznis**, tankou yon bank, ou ta dwe:
- ▶ Dokimante sa ki te pase a, swiv prensip ki anwo yo.

- ▶ Chak eta ak gouvènman federal gen lwa ki ka pwoteje w lè w ap sibi asèlman nan men moun ou genyen yon relasyon biznis avèk yo. Konsilte yon avoka pou ou konnen si yo te vyole dwa'w.

Si ou sibi youn nan sa ki di pi wo yo:

- ▶ Konsilte yon avoka pou konnen ki opsyon ou ka genyen.
 - Asosyasyon Bawo Ameriken an kenbe yon [Repètwa Referans Avoka](#)
 - Ale sou sit entènèt bawo leta pa'w la epi chèche "sèvis legal".
 - Ou kapab tou chache sou Google non eta pa'w la ak "sèvis rekòmandasyon avoka bawo eta paw". Pa egzanp:
 - [Sèvis referans avoka bawo eta Florid](#).
 - [Sèvis referans avoka bawo eta New Jersey](#).
 - [Sèvis referans avoka bawo eta Massachusetts](#).
 - Pou avoka imigrasyon ale nan, [Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken](#) oswa [Biwo Egzekitif Revizyon Imigrasyon | Lis Founisè Sèvis Legal Gratis](#).
- ▶ Dokimante evènman yo ka ede yon avoka detèmine si lalwa ka ede w.
- ▶ Gen kèk plent legal ki gen yon lwa limitasyon (sa vle di yon dat limit pou ou pote plent lan nan tribunal), donk pa pran reta pou w chèche konsèy legal.

Resous

- ▶ Pou aprann plis sou pwoteksyon federal kont diskriminasyon orijin nasyonal: [Sitwèb Depatman Jistis sou Diskriminasyon Orijin Nasyonal](#).
- ▶ Pou moun k ap gade yo ak alye yo: [Fòmasyon dwa pou moun ki te wè yo](#).
- ▶ Pou plis enfòmasyon Konnen Dwa Ou yo: [Sant Nasyonal Dwa Imigrasyon](#).
- ▶ Pou aprann plis sou eta ki gen lwa pou kanpe ak idantifye, al gade nan [Sant Resous Legal pou Imigran](#), ki te publike yon lis [lwa eta ki kanpe ak idantifye](#) ki te an vigè depi yo te publike'l an 2018.